Ribeyòl (Lawoujòl Alman)

Kesyon Moun Poze Souvan

Kisa ribeyòl la ye?
Ribeyòl, yo rele lawoujòl Alman tou, se yon maladi kontajye yon viris bay. Malgre ribeyòl se anjeneral yon maladi ki pa grav, li ka trè danjere pandan gwosès paske li ka lakòz gwo anomali konjenital lakay yon tibebe ki ap devlope. Anvan vaksen kont ribeyòl la te vin disponib, li te yon maladi komen lakay timoun. Se yon lòt viris ki diferan ak lawoujòl ki bay ribeyòl la.

Ki moun ki pran ribeyòl?
Nenpòt moun ki pa gen ribeyòl oswa ki pa pran vaksen kont li ka enfekte. Malgre ribeyòl pa anvòg kounye a Ozetazini akòz vaksinasyon, toujou gen ka ki rive nan lòt pati nan mond lan kote to vaksinasyon yo pi ba.

Kòman moun fè pran ribeyòl?
Ribeyòl kapab pwopaje soti nan yon moun pou ale nan yon lòt atravè lè a. Lè yon moun ki enfekte touse oswa estènye, viris la ka antre nan kò yon lòt moun atravè nen oswa nan gòj li.
Moun ki gen ribeyòl ka pwopaje viris la soti nan apeprè sèt (7) jou anvan gratèl la parèt jiska apeprè sèt (7) jou apre gratèl la kòmanse.

Kisa sentòm ribeyòl yo ye?
Sentòm ribeyòl yo souvan pa grav, epi jiska mwatye nan moun ki enfekte yo ka pa gen okenn sentòm ditou pandan y ap toujou kapab pwopoje viris la.
Sentòm yo kapab genyen:

- Nivo Lafyèv ki ba
- Tèt fè mal
- Je wouj oswa anfle (je a gen yon ti woujè)
- Malèz jeneral oswa fatig
- Gangliyon lenfatik yo ki anfle
- Tous
- Nen ki ap fè larim
- Gòj fè mal
- Yon gratèl ki anjeneral kòmanse sou figi a epi ki gaye nan rès kò a

Èske gen konplikasyon akòz enfeksyon ribeyòl la?
Ribeyòl la anjeneral pa grav, men konplikasyon yo ka rive. Jiska 70% nan fanm adilt ki gen ribeyòl ka devlope atrit. Nan ka ki ra, ribeyòl ka lakòz konplikasyon grav tankou enfeksyon nan sèvo oswa pwoblèm senyman.
Pi gwo risk ki genyen ak ribeyòl se pandan gwosès la. Si yon moun ansent vin enfekte, viris la ka kontamine tibebe ki an devlopman an epi lakòz:

- Foskouch
- Timoun nan fèt tou mouri
- Malfòmasyon nan nesans

Malfòmasyon nan nesans sa yo ka gen ladan yo:

- Malfòmasyon kadyak
- Pwoblèm pou tande
- Pwoblèm je
- Andikap entelektyèl
- Domaj nan fwa oswa larat

Kondisyon sa a rele sendwòm ribeyòl konjenital (congenital rubella syndrome, CRS).
Moun ki ansent oswa ki gen plan pou ansent ta dwe pale ak pwofesyonèl swen sante yo sou iminite kont ribeyòl. Yon tès san ka detèmine si yon moun pwoteje atravè enfeksyon oswa vaksinasyon anvan.

Kijan yo dyagnostike ribeyòl?
Yon pwofesyonèl swen sante ka sispèk ribeyòl dapre sentòm yo, ekspozisyon resan ak istwa vaksinasyon. Yo itilize tès laboratwa pou konfime enfeksyon an.

Ki tretman ki gen pou ribeyòl?
Pa gen okenn tretman espesifik pou ribeyòl. Tretman an konsantre sou soulaje sentòm yo epi li ka gen ladan:
- Repo
- Likid ki soti nan kò moun
- Medikaman pou diminye lafyèv oswa malèz

Most people recover on their own without complications

Kijan nou ka anpeche ribeyòl?
Ribeyòl se yon maladi ou ka anpeche ak vaksen. Vaksinasyon se pi bon fason pou pwoteje w kont enfeksyon ribeyòl. Yo bay vaksen kont ribeyòl la ansanm ak vaksen kont lawoujòl ak malmouton sou fòm vaksen ROR (lawoujòl, oreyon ak ribeyòl).

Kalandriye woutin nan gen ladan l:
- Premye dòz la nan laj 12 jiska 15 mwa
- Dezyèm dòz la nan laj 4 jiska 6 lane

Vaksinasyon an ede pwoteje moun ansent ak tibebe k ap devlope kont sendwòm ribeyòl konjenital (congenital rubella syndrome, CRS) tou.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou ribeyòl?
- Founisè swen sante
- Local health departments: localhealth.nj.gov
- NJ Department of Health: nj.gov/health
- National Foundation for Infectious Diseases: nfid.org/infectious-disease/rubella/

Enfòmasyon sa yo disponib pou rezon edikasyon sèlman epi yo pa gen entansyon ranplase konsiltasyon ak yon pwofesyonèl swen sante.